

Avi Obligatwa sou Dwa ak Resous Lojman pou Lwe

Dapre Òdonans Konte Broward 2022-31 an, pwopriyetè ak lòt lokatè pwopriyete rezidansyèl nan Konte Broward yo oblije distribye avi sa a bay moun ki aplike pou lwe yon apatman. Nan zòn kote moun yo pa oblije fè okenn aplikasyon yo, yo dwe bay avi sa a anvan lokatè a kòmanse viv nan apatman li lwe a.

Avi sa a bay yon apèsi jeneral sou dwa pou moun ki gen kontra lokasyon ak resous ki gen rapò ak dwa sa yo pou lokatè nan Konte Broward yo, men li pa gen entansyon bay konsèy jiridik ni pa Konte a ni pa mèt kay la ki remèt avi a.

LOKATÈ YO GEN DWA

Menmjan lokatè yo gen responsablite dapre lalwa nan Florida ak akò kontra lwaye yo – pa egzanp, pou yo peye lwaye a, kenbe apatman an pwòp epi an bon eta, epi pou yo pa twouble lòd nan espas la – pwopriyetè yo gen sèten kondisyon ak restriksyon tou, tankou pou yo bay yon pwopriyete ki pwòp epi ki an sekirite pandan y ap kontinye kenbe sistèm prensipal yo ak estrikti bilding lan nan bon eta. Pwopriyetè ki nan Konte Broward yo gen obligasyon tou pou yo bay lokatè yo yon avi pou yo fè yo konnen lè yo peye yon frè anreta.

KONNEN SA LALWA DI

Lokatè nan Florida yo kapab gen swa yon kontra lwaye alekri oswa yon kontra lwaye ki fèt nan bouch. Paske gen plis chans pou gen malantandi ak yon kontra lwaye ki fèt nan bouch, si sa posib, nou rekòmande pou lokatè yo gen yon akò lwaye alekri ak mèt kay la. Anvan yo antre nan siyen kontra lwaye, lokatè yo ta dwe revize kontra lwaye yo konsènan responsablite yo epi yo ta dwe abitye tou ak Lwa konsènan Pwopriyetè/Lokatè nan Florida yo nan Lwa Florida Chapit 83, Pati II. Eta Florid bay yon gid gratis ak yon apèsi sou Lwa konsènan Pwopriyetè/Lokatè k ap viv nan Florida yo, ki disponib nan FloridaConsumerHelp.com oswa lè w rele nan **1-800-HELP-FLA (435-7352)** oswa **1-800-FL-AYUDA (352-9832)** nan lang Panyòl.

TOUT LWAYE REZIDANSYÈL YO DWE TOU PREPARE POU MOUN ABITE LADAN YO

An jeneral, yon apatman y ap lwe dwe gen plonbri ak chofaj ki respekte tout kòd ki aplikab yo, li pa dwe gen ensèk nuizib epi li dwe gen pòt ak fenèt ki byen fonksyone epi ki fèmèn, pami lòt kondisyon. Epitou, estrikti nan Konte Broward yo dwe respekte tout kòd konstriksyon, lojman ak sante ki aplikab yo. Si w gen yon pwoblèm ak apatman w lan men se pa ou ki responsab li nan kontra lwaye w la, kontakte pwopriyetè w la jan sa endike nan kontra lwaye w la.

Si pwopriyetè w la pa rezoud pwoblèm lan nan yon delè rezonab, ou kapab bay yon rapò sou li. Gen kèk pwoblèm, tankou lè manke bon enstalasyon sanità k ap fonksyone nòmalman oswa dlo oubyen twati ki koule, ou ka rapòte yo nan **Depatman Ranfòsman Kòd Konstriksyon Minisipal ou a oswa rele 311.**

DISKRIMINASYON AK REPREZAY ILEGAL

Yon pwopriyetè pa ka ogmante pri lwaye w oswa menase pou l mete w deyò paske ou rapòte yon vyolasyon sante oswa yon vyolasyon sekirite oswa paske w depeze yon plent pou lojman san patipri. Yon pwopriyetè pa ka trete w yon fason diferan akòz ras ou, nasyonalite w, andikap ou, relijyon w oswa oryantasyon seksyèl ou, oubyen paske w peye lwaye w avèk kupon Seksyon 8 oswa nenpòt lòt asistans leta bay, pami lòt kritè. Si w santi yo fè w sibi diskriminasyon oswa y ap tire revanj sou ou, ou ka kontakte **Estanda Pwofesyonèl Konte Broward la/Seksyon Dwa Moun nan (954) 357-6500** oswa biwo **Pwoteksyon Konsomatè nan (954) 765-4400.**

OU GEN DWA POU W KONTESTE YON DEGÈPISMAN OSWA NENPÒT LÒT AKSYON KI ILEGAL

Yon kontra lwaye pa anpeche ou konteste yon degèpisman. Si pwopriyetè a pa respekte kontra lwaye a, ou ka toujou al chèche sekou nan tribinal yo. Si ou pa gen mwayen pou w pran yon avoka, ou ka kontakte **Sèvis Èd Jiridik Konte Broward la nan 954-765-8950** pou wè si ou kalifye pou asistans legal gratis.

ÈD FINANSYÈ

Si w ap fè fas ak pwoblèm degèpisman epi/oswa ou sanzabri, gen èd finansyè ki kapab disponib. Genyen plizyè òganizasyon lokal ki ka ede w. **Kontakte Sant Siksè Fanmi Konte Broward (Broward County Family Success Center) nan (954) 357-5001.**

Avi Obligatwa sou Dwa ak Resous Lojman pou Lwe

Resous

Diskriminasyon (Ras, Koulè, Sèks, Laj, Orijin Nasyonal, Relijyon, Andikap, Eitati familyal, Oryantasyon Seksyèl, Idantite oswa Ekspresyon Seksyèl)

Estanda Pwofesyonèl Konte Broward/Seksyon Dwa Moun

(954) 357-6500

Moun Ki Gen Andikap yo

Ofisye ADA nan Konte Broward

954-357-6500

(954) TTY: 357-6181

Pou w jwenn èd pou tande oswa pou pale, rele Nimewo Sèvis Relè Florida yo, (800) 955-8771 (TDD) oswa (800) 955-8700(v)

Seksyon 8

Otorite Lojman nan Konte Broward

(954) 739-1114

Otorite Lojman nan Fort Lauderdale

954-589-7189

Èd Finansyèl pou Lojman ak Lwaye

Sant Siksè Fanmi Konte Broward

954-357-5001

Pwogram Èd pou moun ki gen ljans pou yo Lwe kay Konte Broward la (ERAP) bay rezidan ki kalifye yo èd finansyèl pou yo peye lwaye kay ak/oswa sèvis piblik.

Vizite Pòtay Aplikasyon ERAP la sou broward.org/rentassistance.

Pwosedi Degèpisman ak Konfli

Grefye Broward County nan Tribinal

Awondisman an

(954) 831-6565

Seksyon Sivil Biwo Cherif Konte Broward

(954) 831-8787

Plent, Konfli pou Depo Garanti ak

Diskriminasyon ki baze sou Sous Revni

Proteksyon Konsomatè nan Konte Broward

(954) 765-4400

Kesyon oswa Pwoblèm Jiridik

Sèvis Èd Jiridik nan Konte Broward

(954) 765-8950

Konfimasyon Resi pou Avi Obligatwa sou Dwa ak Resous pou Lojman

Mwen/Nou, _____ [lokatè(yo)], konfime mwen/nou te resevwa yon Avi Obligatwa sou Dwa ak Resous pou Lojman (Required Notice of Rental Housing Rights and Resources) nan dat _____ [dat].

Siyati Lokatè a

Siyati Pwopriyetè a

Non lokatè a (Ekri l an Lèt Detache)

Non Pwopriyetè a (Ekri l an Lèt Detache)

Siyati Lokatè a

Non lokatè a (Ekri l an Lèt Detache)

AVI: Pwopriyetè a dwe konsève paj siyati sa a epi li dwe bay lokatè a yon kopi.

Ou kapab jwenn Avi Obligatwa sou Dwa ak Resous Lojman an nan broward.org/planning/renters.